

# BIWO ASISTANS POU TRIBINAL IMIGRASYON

## *Biwo Asistans Tribinal*

### *Imigrasyon an (ICH) bay:*

- ✓ Asistans ak enfòmasyon legal pou moun ki pa gen reprezantasyon nan kad pwosedi eksplisyón devan Tribunal Imigrasyon Boston;
- ✓ Enfòmasyon sou pratik, pwosedi tribal, ak enfòmasyon jeneral sou opsyon ki konekte ak soulajman ak pwoteksyon kont eksplisyón, epi lót resous ki enpòtan.
- ✓ Kontakte nou nan (617) 464-8000

## SÈTEN DEFANS KONT EKSPILSYON

### Azil

Ou dwe montre ke w gen yon laperèz byen fonde pou w retounen nan peyi w akoz pèsekisyón ki baze sou ras ou, nasyonalite w, reliyon w, opinyon politik ou oswa lót gwoup sosyal ou. Anjeneral, ou gen yon ane pou w aplike pou azil lè w antre Ozetazini.

### Sispansyon Ekspilsyon

Ou dwe pwouve menm kalite laperèz ak zafè Azil la, men ou ka kalifye si ou pa t aplike pou Azil nan delè yon ane a, oswa ou gen sèten kondanasyon kriminèl.

**Konvansyon kont toti**  
 Ou dwe montre ke genyen plis chans (51% oswa plis) ke gouvènman w lan pral tötire oswa touye w, oswa ke gouvènman an ap inyore sa a si yon lót moun eseye tötire oswa touye w.


Pou tcheke enfòmasyon sou odyans ou, vizite: <https://acis.eoir.justice.gov/> oswa rele 1-(800) 898-7180, oswa kenbe kamera telefòn selilè ou sou kòd QR ki anba a:



## Kòman pou M prepare pou Odyans Endividiyèl mwen an nan Tribunal Imigrasyon?

Yon "Odyans Endividiyèl" oswa "Odyans Merit" se tipikman odyans final ou nan Tribunal Imigrasyon. Li se opòtinite pa ou pou di Jij Imigrasyon an poukisa yo dwe pèmèt ou rete Ozetazini. Ou ka prezante evidans devan tribal la epi mande moun pou vin fè temwayaj pou ou. Yon avoka jjiman nan Depatman Sekirite Enteryè (DHS) ka prezante pwòp evidans pa yo pou diskite ke yo ta dwe ekspilse ou nan peyi Etazini, epi yo pral poze ou menm ak temwen w yo plizye kesyon. Apre odyans lan fini, Jij Imigrasyon an pral deside si yo dwe pèmèt ou rete Ozetazini.

### Odyans endividiyèl ou an ka deroule konsa:



### Ou ka soumèt dokiman kòm sipò, tankou:

- Rapò Polis,
- Rapò Medikal,
- Batistè oswa Ak de desè,
- Lèt ak deklarasyon,
- Foto,
- Atik Jounal,
- Rapò sou kondisyon peyi a, elatriye.

Tout dokiman yo dwe tradui nan lang anglè ansanm ak yon sètifica tradiksyon, epi yo dwe depoze nan tribal la omwen 15 jou anvan Odyans Endividiyèl ou a

### Si w te aplike pou Azil, reflechi sou sa a epi prepare w pou pataje li ak tribal la:

- Poukisa mwen te kite peyi mwen? Poukisa mwen pè retounen?
- Se ki moun mwen pè? Poukisa mwen pè yo?
- Kisa m panse y ap fè m si mwen retounen? Kòman y ap fè konnen si m retounen nan peyi a?
- Kilès y ap menase ak maltrete kounye a? Poukisa yo vle fè m mal oswa lót moun? Èske lót moun blese tankou m (an tèm de ras, reliyon, nasyonalite, elatriye)? Kòman m ap fè konn sa a?

### Ou ka rakonte tribal la istwa w lan alekri (yon deklarasyon), ak/oswa vèbalman, pandan odyans lan (temwayaj):

#### Deklarasyon

- Ekri istwa w la ka ede w eksplike tribal la dat espesifik oswa detay ki ka difisil pou w sonje, oswa ki difisil pou w pale sou yo;
- Ekri deklarasyon w lan nan "premye pèsòn". Itilize mo tankou "Mwen te wè...", oswa "Mwen te pè paske..."
- Deklarasyon w lan dwe konsistan avèk sa ou te ekri nan aplikasyon azil ou a (fòmilè I-589);
- Rete onèt epi ekri ak tout kè w;
- Ekri istwa w lan ak detay espesifik ak egzanp sou poukisa ou pè retounen nan peyi w.
- Ou dwe soumèt deklarasyon w lan nan lang anglè ak yon sètifica tradiksyon.

#### Temwayaj

- Anvan odyans la, pratike rakonte istwa w lan ak yon zanmi de konfyans, moun ki chè a oumenm oswa yon founisè sèvis;
- Li ka difisil anpil pou w pale sou sa ki te rive w. Li oke pou w kriye, pran yon pòz, epi mande yon ti repo si w santi w akable;
- Pale dousman, epi bay entèprèt la tan pou li di Jij la sa w te di a an Anglè;
- Rete onèt. Si ou pa konn repons yon kesyon, di ke w pa konnen. Pa devine oswa fabrike repons.
- Ou pa ka gen nòt avèk ou pandan w ap fè temwayaj ou a. Jij la pral konpare sa w di a ak lót evidans yo pou wè si w ap di laverite.

## Kòman pou w adresè Jij la

"Vòt Onè" oswa "Jij".  
Sonje pou w gen respè epi se Jij la k ap pran desizyon final la nan ka w la.

## SI KA W LA REJTE NAN TRIBUNAL IMIGRASYON

### **Depa Volontè**

Yo pèmèt ou kite peyi Etazini pou kont ou nan yon kantite tan espesifik. Ou ka anmezi pou w retounen Ozetazini legalman alavni si yo akòde w depa volontè olye de yon lòd pou ekspilse w. Si w ta chwazi depa volontè, ou renonse oswa retire tout lòt demann soulajman, epi ou renonse dwa w pou fè yon apèl kont desizyon an.

### **Lòd pou Ekspilson**

Si w pa vle rete Ozetazini, oswa si w pa kalifye pou yon defans kont ekspilson oswa depa volontè, Jij la pral bay lòd pou yo retire w oswa depòte w soti nan peyi Etazini. Avèk yon lòd pou ekspilson, yo ka entèdi w retounen Ozetazini legalman a lavni pou yon kantite ane.

### **Apèl**

Si Jij la rejte ka w la, ou dwe di Jij la ke w gen entansyon depoze yon apèl. Si w pa di sa, ou ka pèdi opòtinité w pou fè yon apèl. Jij la ap ba ou dokiman pou voye bay Komisyón Apèl Imigrasyon an (BIA). Ou dwe fè BIA konnen ke w vle fè apèl kont desizyon ka w la nan 30 jou apre desizyon Jij la epi eksplike poukisa ou kwè te gen yon erè nan ka w la.

# CATHOLIC CHARITIES OF BOSTON **BIWO ASISTANS POU TRIBINAL IMIGRASYON**

## **KISA KI VIN APRÈ: DESIZYON JIJ IMIGRASYON AN**

Jij la ka bay yon desizyon final nan fen odyans lan, oswa yon desizyon alekri apre odyans lan.

### **Si aplikasyon azil ou a apwouye:**

- Ou ka aplike pou rezidans legal pèmanan apre 1 an
- Ou ka elijib imedyatman pou kèk benefis publik
- Ou gen dwa fè yon petisyon pou mari w oswa madanm ou ak pitit selibatè w anba 21 lane ki pa Ozetazini pou vin jwenn ou Ozetazini.



### **Si yo apwouye aplikasyon Sispansyon Ekspilsyon w lan:**

- Ou kalifye pou otorizasyon travay, men ou pa kapab aplike pou rezidans legal pèmanan oswa petisyon pou manm fanmi w vin Ozetazini. Ou ta va gen pou renouvele otorizasyon travay ou chak ane.
- Ou ka toujou bezwen tcheke avèk ofisyé ICE yo si yo mete w sou yon "Order of Supervision" (Lòd Sipèvizon)
- Yo ka voye w ale nan yon peyi ki pa devlope.
- Ou pa kapab vwayaje andeyò Etazini.
- Ou ka elijib pou kèk benefis publik.

## **KONSEY POU ODYANS ENDIVIDYÈL OU A**

- Prepare w emosyonèlman pou reponn kesyon jij la ak Avoka DHS la;
- Reponn sèlman a sa yo mande w, epi si w pa konnen repons pou yon kesyon, di "Mwen pa konnen". Pa fabrike repons si ou pa sèten;
- Pale byen klè nan mikwofòn lan, epi sonje pran yon pòz pou pèmèt entèprèt la di Jij la sa ou te di a an anglè;
- Demontre agiman w yo nan yon fason ki konsistan, presi, epi òganize;
- Si w pa konprann oswa ou pa tandé kesyon an, mande pou l repete;
- Rete onèt, epi rete konsistan avèk enfòmasyon ki nan aplikasyon w lan;
- Montre nenpòt sa ki pa ekzak oswa enkonsistans nan evidans ki prezante pa Avoka DHS la;
- Chwazi temwen w yo byen - prepare yo pou rapòte reyalite ki pral kontribye nan ka w la.

### **LEVE VWA W:**

- Ou pa konprann Jij Imigrasyon an nan nenpòt moman nan pwosedi a;
- Ou pa konprann yon kesyon ke avoka jijman DHS la oswa Jij Imigrasyon an poze w;
- Ou pa konprann entèprèt la nan nenpòt moman nan pwosedi a;
- Entèprèt la pa pale nan lang prensipal ou;
- Yon tèm legal oswa yon konsèp konfonn ou;
- Ou bezwen plis tan pou w jwenn yon avoka.
  - Rete espesifik sou tantativ ou pou jwenn yon avoka. Pa egzanp, fè Jij Imigrasyon an konnen konbyen avoka ou te rele, dat ou te rele yo, ak reson ki fè yo pa te kapab reprezante w.

*Enfòmasyon ki nan depliyan sa a se pou rezon edikasyon sèlman. Si w gen kesyon legal sou ka w la, ou dwe konsilte yon avoka ki gen lisans oswa yon reprezantan ki akredite.*

